Pou Piblikasyon Imedya: 11/11/2020 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN YON LEJISLASYON KI DEZINYE YON PÒSYON NAN SISTÈM OTOWOUT ETA A NAN KONTE DUTCHESS KÒM "OTOWOUT MEMORYAL VETERAN WAPPINGER YO"

Yo renome yon pòsyon wout 9 la nan Vil Wappinger pou onore veteran sèvis yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen jodi a lejislasyon (S.7923/A.10125) pou dezinye yon pòsyon nan sistèm otowout Eta a nan Konte Dutchess kòm "Otowout Memoryal Veteran Wappinger yo (Wappinger Veterans Memorial Highway) ". Lejislasyon an, ke Vil Wappinger te egzije a, pral renome yon pòsyon nan Wout 9 (Route 9) nan vil la pou onore sakrifis ke veteran te fè a.

"Jounen Veteran (Veterans Day) an ba nou tan chak ane pou nou onore sila yo ki te konsakre lavi yo pou pwoteje nasyon nou an, epitou pou nou reflechi sou siyifikasyon yon lavi nan sèvis", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Lè nou renome pòsyon nan sistèm otowout Eta a nan Konte Dutchess, nou ap montre apresyasyon nou pou sakrifis manm sèvis brav sa yo ak fanmi yo te fè, epitou nou ap onore eritaj dirab la ak ewoyis yo a."

Gouvènè Cuomo te siyen tou twa lòt pwojè lwa jodi a, nan Jounen Veteran yo, nan rekonesans sakrifis ke Nouyòkè yo te fè nan chak rejyon nan eta a.

Senatè Sue Serino te deklare, "Jounen Veteran an se yon jou pou nou tout pran yon poz epi pou nou reyini pou onore gwo sakrifis veteran nou yo—ak fanmi yo— te fè pou chak nan nou ak pou nou tout. Mwen remèsye Gouvènè dèske li ede kominote nou an onore veteran lokal yo lè li siyen pwojè lwa sa a pou vini yon lwa jodi a. Plizyè milye rezidan ansanm ak vizitè vwayaje nan pòsyon wout sa a regilyèman, epi nome li pou onore veteran nou yo se youn pami anpil fason kominote nou an ap tavay pou onore kontinyèlman sèvis ak devouman yo a. Otowout Memoryal Veteran Wappinger yo pral ede voye yon mesaj enpòtan bay veteran nou yo ke yo pral genyen toutan yon kominote rekonesan deyè yo. Mwen remèsye gason ak fanm sèvis nou yo ak tout sila yo ki te jwe yon wòl nan inisyativ enpòtan sa a".

Manm Asanble Kieran Michael Lalor, te deklare, "Wappinger gen chans anpil pou li se lakay ewo yo ki gen non yo onore pak lokal nou yo tankou Majò Joseph McDonald, Sèjan Mark Palmateer ak Majò Daniel Martz. Wappinger se kote tou anpil veteran ki gen imilite rete, travay epi kontribye nan kominote nou an nan anpil fason. Ansanm avèk Senatè Sue Serino ak Vil Wappinger, mwen kontan anpil dèske yo rele kounye a

Wout 9 la nan Wappinger Otowout Memoryal Veteran Wappinger yo pou onore gason ak fanm brav sa yo ki te sèvi nasyon nou an ak prezève mòd lavi nou".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

ANILE ENSKRIPSYON OU